Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 39 (7283)
22 сентябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Районалъул администрациялда

## Иргадулаб совещание



I9 сентябралда райадминистрациялда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, бетIерасул замасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, бакIалъулал администрациябазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ кIудияй специалист У. ХIайбулаева, экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, районалъул администрациялъул юрист П. ГIалиева, саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ ведущий специалист П. НурмухIамадова, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул, спортальул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, «Цогояб информационнияб хъулухъалъул» нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, мобилизационнияб хIалтIулгун проектнияб офисалъул руководитель П. МалламухIамадов ва гIемерал цогидалги.

Балагьиялде росун рукIана гIемерал батIибатIиял суалал: район цебетIезаби, экономикаялъул инфраструктура, приоритетниял проектал гIумроялде рахъинари, лъай кьей ва цогидалги.

Совещание байбихьана муниципалитеталъул бетIерасул зам. С. Арулмух1амадовас районалда налогал ракIариялда бугеб хIалалдасан. Гьеб суалалда хурхун бугеб хIалалъул бицун кIалъана экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев. –ГьабсагIаталда налогал ракIари 63 процентальь тIубан буго, льагIалил ахиралде гьеб нусго процентальь тIубазабизе ракIалда буго,-ян абуна гьес.

Лъай кьеялъул суал борхулаго районалъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъ тIадчIей гьабуна чара гьечIого хIажат бугин гьеб суалалда тIадчIезе,-абун. «Лъай кьей гьеб буго аслияб рахъ. Нильеца нильерго гIун бачIунеб гIелалъе кинаб лъай кьуниги гьелда бараб буго нилъер ва районалъул букIинесеб. ГьабсагIаталда районалда лъай кьей квешаб гьечIо, гьелдаса нилъ рохула ва ракIчIей буго район цебетIезабиялъе гьелъул кIудияб кумек букIинилан»,-ян абуна гьелъ.

Архитектуриябгун бакIал раялъул хъулухъалъул кIудияв специалист ХI. ГIабдурахIмановас хIисаб кьуна районалъул нухазул рагIаллъабазда ран ругел минабазда хурхун. ГIабдурахIмановасул рагIабазда рекъон, районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялдалъун гьез хал гьабуна гьединал рукъзабазул ва гьезул документазул. Гьелъул хIасилалда ратана закон хвезабиялъул хIужаби. Нижеца гьелда хурхун бетIерасухъе кьезе отчет хIадурулеб буго,-ян бихьизабуна гьес.

Приоритетниял проектал гIумроялде рахъинариялъул бицун совещаниялда кIалъазе вахьана П. МалламухIамадов. Гьес бихьизабуна гьабсагIаталда гьеб ишалда хурхун гьарурал рихьизариял ва гIунгутIаби лъугIизаризе хIалтIи гьабулеб бугин. Гьелда хурхун щивас кьезе бегьулин жиндирго предложение,-абун.

Совещаниялда рорхарал суалазда хурхун щивасе кьуна тIадкъаялги.

Тарбия кьей

## ХIалтIизе ккола цадахъ рекъон



I8 сентябралда райадминистрациялъул конференцзалалда тIобитIана Россиялъул ПДН ВДялъул Унсоколо районалда ругел инспекторал ХI. Чупанов ва Ш. ГIумаров администрациялъул вакилзабигун дандчIвалеб заседание. ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, гIолилазул, спортальул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, спортальул комитеталъул пред. М. МухIамадов, администрациялъул юрист У. Бартыханова, саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ ведущий специалист П. НурмухIамадова, опекаялъул рахъалъ ведущий специалист Х. Жамалудинова ва цогидалги.

Заседание ахIиялъе аслияб гIиллалъун букIана Шамильхъала поселокалда саназде рахинчIел лъималаз гьарурал цо-цо обществалда данде кколарел пишаби, гьез Шамильхъала поселокалъул мал-мулкалъе гьабураб зарал ва общественнияб низам хвезабиялъул цо-цо хIужаби гьоркьор лъей.

Заседаниялъул гIахьалчагIаз кьуна гIемерал предложениял гьел гIолилал битIараб нухде рачине ругел ресазда, бахьи къосарал ишаздаса лъимал цIуниялда ва битIараб нухде рачиналда хурхун. Масала, М. ХIасановалъ лъикIаблъун бихьизабуна гьезул эбел-эмен гIахьаллъараб собрание ахIизе, гьезда бичIчIизабизе къватIахъ течIого лъимал тIадеги занятиязде школалде, мадрасаялде, спортивиял секциязде ритIизе. Гьединго гьелъ лъик1аблъун бихьизабуна дагьго хьезарурал лъималазул хъизаназул список хIадуризе, хадубккун гьединазе кумек гьабизе.

Жиндирго кIалъаялда районалъул саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ ведущий специалист П. НурмухIамадовалъ битIараблъун бихьизабуна г1адлу хвезабулезда лъазабизе ва гьезул эбел-инсухъа гIакIа бахъизе.

«Общественносталъул вакилзаби хIисабалда нилъ, ругел проблемаби бихьичIеб ххвел гьарун цояб рахъалда чIун рукIине бегьуларо, яги гIей гьабизе бегьуларо гIадлунизам хвезабулел тамихIалде цIаялдалъун. Нильеца кинабго гьабизе ккола хадубккунги гьединал ишал ккунгутIиялъе. Дир гIумроялъул хIалбихьиялда рукIана хIужаби общественность гьоркьобе лъугьиндал мекъаб нухда гали лъурал гIолилал битIараб нухде рачIиналъул. Гьединлъидал дица лъикIаблъун бихьизабула кварараб тамихI гьабичIого гьезда ва эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе»,-ян абуна П. НурмухIамадовалъ.

Гьедин заседаниялъул гIахьалчагIаз хIукмо гьабуна ихтияр хвезабуразда лъазабизе ва эбел-инсуда тIад гIакIа кьотIизе. Бихьизабуна хадурккунги гьединал закон хвезабурал ишал такраръани кварараб тамихIалде цIазе рукIинги.

Гьединго заседание байбихьилалде дандчIвай букIана ПДНалъул инспекторазул закон хвезабурал лъималазул эбел-инсулгунги. Гьениб эбел-инсуца рагIи кьуна хадубккун гьединал ишал гьукъиялъе кинабго гьабизе бугин ва баркала загьир гьабуна гьабураб гарачIвариялъухъ.

Жиндирго иргаялда Р. ХIайбулаевалъ тIадчIей гьабуна гIолеб гIелалъул букIинесеб районалъул администрациялъе батIальи гьечIеблъун гьечIин, гьединго тIалаб гьабуна умумазул рахьалдасан лъималазда тIад хIалтIи гьаби ва жавабчилъи букIин цIикIкIин.

Имам Шамил гьавун - 220 сон

## ГIуцIи буголъиялда

18 сентябралда тIобитIана гIуцIиялъул комитеталъул иргадулаб совещание. Гьеб ана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъул нухмалъиялда гьоркь. Совещаниялда гьединго гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул, спортальул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов цогояб информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев ва цогидалги.

Гьоркьор лъурал суалазул аслиявлъун букIана Кавказалъул халкъазул эркенлъиялъе ва чияда рай гьечIолъи бихьинабиялъе гIоло къеркьохъан имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубай праздникалъулаб къагIидаялда тIобитIиялда хурхараб. Гьениб лъикIаблъун бихьизабуна байрам гIагашагарго сентябралъул ахиралда тIобитIизе. ГIуцIиялъул комитеталъул щивав гIахьалчияс хIисаб кьуна жидерго бутIаялда гьеб тадбиралде хIадурлъулел ругеб куцалъул, тIаде рачIаразул лъай-хьвай гьабуна гьеб байрамалда хурхараб программаялъулгун.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 39 (7183)*
*22 сентябрь 2017 сон*



Дербенталда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялъул Къо. Гьенив гIахьаллъана Дагъистан республикаялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповги. Гьев кIудияб интересалда валагьана халкъияб творчествалъул махщелчагIазул тIагIелазухъ, этноподворязухъ, Дагъисианалъул хъвадарухъабазул ва поэтазул тIухьдузул выставкаялъухъ.



## Халкъазул цолъиялъул Къоялда



БатIи-батIияб рохалилал лъугьа-бахьиназдалъун бечедаб букIана 5 сентябралда Дербент шагьаралда тIобитIараб Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул, гьединго Дербенталъ 200 сон тIубаялде буссараб мероприятие. «Унсоколо район» МОялъул бетIер Г. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул делегацияги. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана культураялъул отделалъул начальник Г. ГIабдулаевас. Программаялда букIана халкъиял промыслаба зул выставкаги. 40 махщелчияс гьенир рихьизаруна жидерго махщалил хасльаби. Устарзабаз махщалида бихьизабулеб букIана жидерго кверазукь бижун бачIунеб тIагIалил мастер-класс. Гьеб гуребги шагьаралъул Эркенлъиялъул майданалда букIана цересел умумазул рукIа-рахьиналъул, Россиялъул миллиял гIадатазул бицунеб ва бихьизабулеб «Родники Дагестана» азбар.

Азбаралъул гьалбадерие рес букIана миллияб ратIел, цересел музыкалиял алатал, рукIа-рахьиналъе хIажалъулел рукьалъул батIи-батIияб къайи ва гьеб гуребги бихьизе, цересел умумазул квеназул тIагIам босизе.

Гьелдаса хадуб шагьаралъул Нарын-Кала щулалъиялъул майдан тIад босун букIана «Дербент-Дагъистан-Россия: гIасрабазул миллатазул цоцалъ гьункиялъ ва гьудуллъиялъ ккола дунял»,-абураб музыкалиялгун-театралиял церерахьиназ. Гьелда гьорлъе унаан некIсияб Дербенталъ жакъа кьоялде щвезегIан нахъе тараб бечедаб тарих.

Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул Къо ахиралде щвана фольклоралъул, хореографиялъул, кочIохъабазул, кьурдухъабазул «Дир халкъазул кьурдаби ва кучIдул»,-абураб церерахьиназдалъун ва праздникалъулаб салюталдалъун.

Церерахьиназулъ гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул «Унсоколо» фольклорияб ансамблялъги.

*Гьудуллъи, цоцада ричIчIи*

# Гьудуллъиялъул поселок



Араб гIасруялъул 80-абилел саназ ансадерил «КушматIа» Авар гIорда ГЭСал ралезул хIара-каталдалъун бана Шамильхъала поселок. Байбихьуда гьелда букIана Светогорск абураб цIар. Гьеб буго мугIрузда бугеб гIолохъанаб, берцинаб шагьар. Шамильхъала кидаго машгьураб букIана Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул символ хIисабалда.

БакIал раялъ щула гьабуна халкъазул ва миллатазул цолъи. Доб мехалда Россиялъул киналго бокIназдаса рачIун рукIана ГЭСал ва цогидалги бакIал ралел гьенире. ТIубараб районалдаго унеб букIана доб мехалда бакIал рай. ХIалтIи «гьалдолеб» букIана районалда. Гьеб заманалда гIемерисезда ратана гьанир жидерго гьудулзаби ва жакъаги хутIулел руго гьел гьудулзабильун. Къисматалъ кирехун реханиги батула гьезда замана цоцаде телефоналъ ахIизе, цо-цо заманалда дандчIвазеги, дол талихIал 80-90 санал ракIалде щвезаризе ва цоцалъ гьуинлъиялъулгун рохалилаб асар рекIелъ хутIизе. Поселокалда дандчIвазе бегьула гIемерал миллатазул гIадамал. Гьел ккола лакал, лъаргIал, даргиял, гIурусал магIарулал ва цогидалги. ДандчIвала батIи-батIияб миллатазул вакилзаби данделъарал хьизаналги.

Бан лъугIана ГЭС. ГIемерисел тIад руссана жидерго бакIазде, амма руго гIемерал гьанирго чIезе хIукмо гьабуралги. Гьанир гьаруна ва гIуна гьезул лъимал. Гьезул гIемерисезе авар мацI лъугьана кIиабилеб рахьдал мацIлъун. Баракатаб, жанир цIар рагIарал имам Шамиль, ХъахIабросулъа МахIмуд гIадал гIадамал рахьараб ракьалъ асир гьаруна гьел.

Жиндир заманалда рана гьанир школал, ясли-ахал, больница. Бокьун буго бихьизаби зе больница гьаниб гIемеррахьазулаб гуребги районазда гьоркьосебги бук1ин. Мадугьалихъ ругел районазда гурелги республикаялъул чIахIи-чIахIиял шагьараздасаги рачIуна гьанире жидерго сахлъи тIад буссинабизе гIадамал. Буго поселокалда хIалхьи гьабиялъе паркги. Хасго къасе заманалда руссуна гьенире хIалтIул къоялдаса хадуб хIалхьи гьабизе ва фонтаналдаса лазат босизе гIадамал. Паркалда лъималазе рес буго батIи-батIиял качелабазда ва горкабазда расандизе.

Шамильхъала поселок ккола миллатазда гьоркьоб гьудуллъиялъул гвангъараб мисаллъун. Киса гьобол вачIаниги гьаниб гьезда батула гьобол хира лъиялъул ва гьудуллъиялъул асар.

*ХIадураллъун рукIиналъул мурадалда*

# ХIакъикъиял занятиял



Дагъал церегIан къоязда Шамильхъала школалда тIобитIана 9-II классазул цIалдохъаби гIахьаллъарал, цIа свинабиялъул алатазулгун гьезул лъай-хъвай гьаби, нагагь цIа ккани гьел алатал хIалтIизариялъул мурадалда тIобитIараб практическиял занятиял.

Гьеб тадбир тIобитIулеб букIана РФялъул МЧСалъул гражданазул оборонаялъул Къоялда хурхун. (Гьеб къоялъ 85 сон тIубай кIодо гьабизе буго 4 октябралда).

Занятиял ана чIахIиял классазул цIалдохъабазе цIа свинабиялъул алатазда пайда босиялъе малъа-хъваял хIисабалда. Хадуб букIана хIакъикъаталдаги цIа свинабиялъул дарсал. ГIуцIарухъанлъун гьеб ишалъулъ букIана районалъул ГО, ЧС ва ПБ отдел. ХIакъикъиял занятиял тIоритIиялъулъ гIахьаллъана районалъул ГО, ЧС ва ПБялъул отделалъул нач. М. ГIабдулаев, ЕДСалъул диспетчер ХI. ГIабдулмаликов, районалда бугеб № I3 ОНД ва ПРалъул кIудияв инспектор М. ХIусейнов, Шамильхъалаялъул школалъул директорасул зам. А. МухIамадгIалиев, ОБЖялъул учитель ГI. МухIамадов ва гIемерал цогидалги.

ЦIалдохъаби гьираялда гIенеккана бицунелъухъ ва кIвар кьун лъазабуна цIа ккеялдаса цIуниялъул алатал.

**Нижер мухбир.**

# Планалдаса цIикIкIунги



«Унсоколо район» МОялда цебе бугеб архитектураялъул отделалъул баяназда рекъон районалда буго кинабниги 5467 рукъ, гьездасан гIемерквартирабазул ккола 43 рукъ. Гьел рукъзабазул регистрация гьабиялда хурхун, республикаялъул информационнияб порталалда, гьезул бугеб ахIвал-хIалалъул баянал лъеялда, районалъул ГИС ЖКХялъ (государственная информационная служба) Дагъистаналдаго ккун буго ункъабилеб бакI ва план тIубазабун буго I07 проценталь. Гьеб ккола службаялъул инспектор А. МухIамадовасул кIвахI гьечIеб ва лъан гIуцIараб хIалтIул хIасил.

ХIалтIи жеги мухIкан гьабизе ва цIикIкIун информация ГИСалъул порталалда лъезе хIалтIулев вуго А. МухIамадов

Ахихъан
*Районалъул газета*
*№ 39 (7183)*
*25 август 2017 сон*

3 гьумер

дагъал церегIан къоязда ДРялъул правительствалъул Председателасул тIоцевесев зам. А. Карибовас гIахьаллъи гьабуна Дагъистан бахун къватIирехун гIумро гьабун ругел нилъер ватIанцоязул форумалда.

-Нилъер ракьцояз гIумро гьабулеб буго 40 батIияб улкаялда. Нилъ божарал руго кир гьел ругониги гьез жидерго ракьалде бугеб рокьиги, гьелъул гIадат-гIамалги борхатго цIуниялда,-ян абуна А. Карибовас



# РДялъул Министерствабазул вакилзабазулгун дандчIвай



19 сентябралда хIалтIулаб сапаргун районалде ва чIун вукIана Дагъистаналъул МСУялъул мориторингалъул ва цадахъ рекъон х1алт1и гьабиялъул отделалъул начальникасул ишал т1уралев АхIмад ГIабдуразакъов. Совещаниялда гIахьаллъана муниципалитеталъул администрациялъул хIалтIухъаби, росабазул бутIрул, предпринимателал.

КIвар кьеялде босун букIана районалда предпринимательсвалъул ва инвестициялъул бугеб хIал.

Совещаниялда гьединго гIахьаллъана Дагъистан республикаялда росдал магIишаталъул министерствалда цебе бугеб росдал магIишат цебетIезабиялъул ва продовольствиялъул отделалъул нач. М. МухIамадов, ДРялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул кIудияв специалист-эксперт М. Жамалудинов, РДялъул захIматалъулгун миграционнияб ва хIалтIи кьолезулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. М. ГIалиев, РДялъул туризмалъулгун халкъиял промыслабазул отделалъул нач. Н. ГIумарова, районалъул бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, райадминистрациялъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, районалъул бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева, райадминистрациялъул отделазул начальникал, росабазул бутIрул, школазул директорал, предпринимателал ва гIемерал цогидалги.

Дандельи рагьулаго А. ГIабдуразакъовас дандельаразулгун къокъабго лъай-хъвай гьабуна агенствалъул хIалтIулгун, бицана районалда предпринимательство цебетIезабиялъе ругел ресазул хIукуматалъул рахъалъ гьеб ишалъе кумек гьабиялъе ругел нормабазул.

Жидерго иргаялда дандельиялда гIахьаллъараз министерствабазул вакилзабазе кьуна гIемерал суалал, гьезие щвана чIванкъотIарал жавабалги.

РукIана гьадинал суалал: инженерлъиялъул хъулухъалда хурхарал, жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон росаби коммуникацияздалъун хьезари, росаби лъедалъун хьезари, гIолохъанаб гIел хIалтIулел бакIаздалъун хьезари, тарбиягунлъай кьеялда хурхарал, районалда туризм цебетIезаби ва гIемерал цогидалги суалал.

Масала, районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ гьарулеб букIана Генуб Заманалъулаб поселокалда ва Генуб росулъ фельдшерлъиялъулгун-акушерлъиялъул пункт рагьизе кумек гьабе,-ян. ГIезабураб гьаналгун рахьдал продукция бичиялъул суалгун кIалъана Майданск росулъа А. ХIамзатов. Гьес разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб букIана гIезабураб продукция кьезе бакI гьечIолъиялдаса ва хьул гьабулеб букIана хадубккун республикаялъул Росдал магIишаталъул ва продовольствиялъул министерствалъ гьеб захIмалъи тIаса босизе кумек гьабиялда.

Туризм цебетIезабиялъул суалалда хьатIулаго туризмалъул ва халкъиял промыслабазул отделалъул нач. Н. ГIумаровалъ бихьизабуна туризм цебетIезаби гьеб министерствалъулги районалъул муниципалитеталъулги цадахъаб хIалтIи ккolилан. Руго гIемерал квекIенал гьеб суал битIараб куцалда цебе бачиналъе. Масала, гьечIо жинда тIад кIудияб кIвар кьезе ккoлеб санитарияб зона, жанир чIезе бакIал, къадарабго гурони гьечIо инфраструктура ва цогидабги.

Наида ГIумаровалъул рагIабазда рекъон Унсоколо районалда руго туристал къабул гьариялъе лъикIал рахъал: ансадерил цIулал тIагIелал гьарулеб махщел, бечедаб тарих, берцинаб тIабигIат, сверухълъи кутакалда берцинаб Рихьуни хIор. Министерство хIадураб буго бокьараб кумек гьабизе, амма муниципалитеталъул рахъалдасанги букIине ккола гьелдехун интерес, масала, туристлъиялъулал маршрутал чIезари, гьезул битIараб паспортизация гьаби.

Жиндирго иргаялда А. ГIабдуразакъовас рагIи кьуна дандельиялда рорхарал суалал кIвар кьечIого теларилан ва гьел гIумроялде рахьинаризе ругин правительствалъул даражаялда,-абун.



«Цониги суал хутIизе гьечIо балагьиялде босичIеб. Жакъа нужее жавабал кьезе кIолеб гьечIони, суал борхизе буго данде ккoлел органазул жавабиял хIалтIухъабазул гIахьаллъигун. Хадубккунги дица абилаан гьорлъе раккун лъазабе гьеб суал ва хьвай данде ккoлел министерствабазде, щиб лъалеб гьеб ккезе бегьула кинаб букIаниги пачалихъияб программаялде гьоркьобе»,-ян абуна ахиралдаги АхIмад ГIабдуразакъовас.

<u>ЛъикIал гIадамазул хIакъалъулъ - рагIи</u>

# ЖамагIат кколев

ХьахIабросулъа МахIачов МахIач Росcиялъул тахшагьар Москвалде аралдаса буго кIикъогоялдаса цIикIкIун сон. Щибаб соналъ отпускаялъ вачIуна гьев эбелалъухье, гIагарлъиялъухье, росдал жамагIаталъухье щвезе. Москвалда вугониги кIочонаро жиндирго гIагараб росу, росдал гIадамал.

Гьесие хасиятаб буго сахаватлъи. Замазаманалдасан МахIачица посылкаби ритIун рачIуна гIага-божаразе, гьудул-гьалмагълъиялъе, цо-цо росуцоязе. Гьенир рукIуна ретIел-хьит, токалъул батIи-батIиял алатал, цIулал тIагIелал, махх-мачI, ай гьесул садакъа щвечIев чи росулъ къанагIатги вати щакаб буго. Гьес кинабго гьабула рихьдае гуреб, жиндиего бокьун, Аллагьасе гIоло, чIобого.

Жиндирго гьалмагъзабазухье МахIачхъалаялде ги битIун, гьениса машинаги ккун гьеб щвезабула росулъе. Росдал жамагIатго разиго буго гьесул сахаватлъиялдаса. Аллагьас Мах1ачил садакъа къабул гьабеги, нижеца гьарула гьесие чорхое сахлъи, халатаб гIумро, гьарулел лъикIал ишазулъ бит1ккей.

**Росдал жамагIаталъул рахъалдасан хьвана И. МирзахIажиевас ва М. МухIамадовас.**

# Масъалаби цере лъуна



**21 сентябралда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана районалъул школазул директоралгун. Гьенир гIахьаллъана замал, отделазул начальникал, цо-цо администрациялъул хIалтIухъаби.**

ДандчIваялда суалал хьатIана рокъорго лъимал цIализариялда, хасалиде хIадурлъиялда, школазул сайтал информациялдалъун хьезариялда, тревожниял кнопкаби рукIине ккеялда, цIа ккеялдаса цIуниялда, эбел-инсулгун хIалтIи гьабиялда ва гь. ц. Гьенибго бетIерас баркала загьир гьабуна жиндир заманалда школазда ремонталъулал хIалтIаби лъугIизарурал нухмалъулезе. Гьединго тIадкъана «Лучший директор», «Лучший учитель» абурал номинациязда конкурсал тIоритIизе.

Школазул сайтал информациялдалъун хьезариялъул бицунаго тIадчIей гьабуна гьеб хIалтIи загIипго гIуцIун букIиналда ва хехаб заманалда рукIалиде ккезабизе ккеялдаги. Эбел-инсулгун хIалтIи гьабиги педагогияб хIалтIул аслияб рахъ кколин, гьеб кодохъ босизе ккoлин бихьизабуна гьес.

«Кутакалда кIвар буго школазда хIалтIи эбел-инсулгун ва цIалдохъабигун цадахъ бачиналъул. ХIалтIулъе цIай умумузул комитет. Гьезул бичIчIиги рахъ кквейги щвезе буго нужее. Гьединаб цадахъаб хIалтIуца жалго лъималазулги цIалуде гьира базабизе буго. Гьединаб командаялъулаб кумек щвеялъ цIалдохъабазул цIалуде гьира базабизе буго»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

# ГIуцIи буголъиялда



Жиндирго иргаялда «Цогояб информационнияб хъулухъалъул» нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевас абуна нижги батIа кIанцIун чIун гьечIин гьединаб ишалдаса,-ян.

–Районалъул школлъималазда гьоркьоб гIуцIана «Имам Шамиль: халкъазул вацлъиги гьудуллъиги дица нужее аманат гьабула»,-абураб конкурс. Конкурс лъугIана ва гьаруна хIасилал. Бергьарал кIодо гьаризе руго хIурматияб къагIидаялда имам Шамилица 220 сон тIубай кIодо гьабулеб къоялъ»,-ян.

Ахиралда М. ХIасановалъ киналго ахIана гьеб къо цадахъ рекъон, гIуцIи буголъиялда ва жавабчилъиялда тIобитIизе.

Культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас ва гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановас гIахьалчагIазул лъай-хъвай гьабуна гьеб байрамалде хIадурлъиялъе жидецаго гьабураб хIалтIул гун.

# БукIина цIияб тIехь



«Аваристан» культураялъул, лъай кьеялъул централъул ва «Дагъистаниял» газеталъул редакциялъул къайимлъиялда гьоркь унеб буго Аваразул халкъияб энциклопедия гIуцIиялъул хIалтIи. ХIисабалде босухье щибаб районалъул букIине буго хасаб том ва гьединлъидал лъазабулеб буго Унсоколо районалъул росабазул цензура тIад гьечIеб информация бакIариялъул кампания. Гьединлъидал бокьилаан краеведазул, тIолалго учительзабазул, тарих бокьулел ва гьеб лъазабулезул рахьалдасан кумек щвезе.

Басмаялда бахьилалда цебе материалалъул копия кьезе буго авторасухъе ва гьесул пикро хIисабалде босизе буго тIехь къватIибе биччалаго.

**ТIехьалда лъезе руго:**

I. Росабазул тарих.

2. Районалъул тарих ва районалъул цересел ва гьанжесел нухмалъулезул хIакъалъул макъалаби.

3. Колхоз-совхозазул, школазул, организациял-предприятиязул тарих.

4. Цересел ва жакъасел бахIарзазул хIакъалъулъ баянал.

5. ТIабигIиял памятниказул хIакъалъулъ баянал ва гьеб гуреб гIемераб цогидабги.

**Нижер адрес:**
**E-mail: avarstan@mait. ru**
**Тел: 8965 4923499**

**ГIалисултан ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**

***Пайдаяб малъи***

# Халкъияб медицинаялъул малъа-хъваял



**Грейпфруталъ ракI цIехIей лъугIизабула**

Чанго соналъ лазатбахъи гьабураб ракIцIерхIей уна грейпфруталъ. БатIи-батIиял таблеткабаз, халкъияб медицинаялъул кумекалдалъунги инабизе кIвечIеб унти гьелъ тIагIинабула. Я кьогIаб гуреб я гьуинаб гуреб гьеб кваназе бокьуларого букIуна. Амма хIалбихье, ракIцIерхIей лъугIизаби гуребги гьелъ тIеренлъизеги гьарула.

**Угъдул унтун ругони**

МагIал чIвалел ругел гIадин угъдул унтулел ругони ихдал одуванчикалъул пух бугеб заманалда бакIаре гьеб хамил мешокалда жанибе бан хьитазда жаниб лъе. Угъдузул захIматаб унти гьелъ къотIизабула.

**Бохдул унтулел ругони**

Босила къвакIараб фальга, масала, барсараб семичкадул къвачIа гIадаб (тIеренаб бихьун), 2 ст. гъуд цIураб хъураб мелалъулъ жубай 2 ст. гъуд кефиралъул, I чайдул гъуд гьоцIоги. Жубазабун гьеб лъе фальгаялъуб, бухье унтараб бакIалда, тIад жеме хинаб шарф. Гьеб гьабе къасде ва радаллъизегIан те. Кинабниги гьабе I0 процедура.

# «Автокресло детям»

С целью активизации работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних, 21.09.2017 года с 07 ч. 00 мин. по 09 ч. 00 мин. на территории района будет проводиться оперативно-профилактическое мероприятие «Автокресло детям».

Анализ дорожно-транспортных происшествий показывает, что количество ДТП с участием детей существенно увеличился не только во время школьных каникул, но и в учебные дни. Более 50% от всех пострадавших несовершеннолетних, являются дети-пассажиры, перевозимые в автомобиле без использования детских удерживающих устройств, либо не пристегнутые ремнями безопасности, не меньшую озабоченность вызывают и автопроисшествия, в которых страдают от беспечности взрослых дети-пешеходы.

Отделение ГИБДД по Унцукульскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении вело- и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 12 лет, с использование детских удерживающих устройств, а старше 12 лет пристегивать ремнями безопасности. По возможности приобрести яркую одежду или ранец для своего ребенка либо световозвращающие элементы, чтобы дети на дорогах были заметны, переходить проезжую часть автомобильной дороги только на установленном для этого месте – пешеходный переход. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть. Также обращаемся к водителям транспортных средств: быть внимательнее на дорогах, во время езды в светлое время суток фары ближнего света или дневные ходовые огни вашего автомобиля должны быть включены. В темное время суток и в условиях недостаточной видимости, независимо от освещения дороги, фары дальнего и ближнего света должны быть включены на всех автомобилях и мопедах.

# Операция «Автобус»

В целях активизации работы по обеспечению безопасности дорожного движения с 14 по 25 сентября 2017г. на территории района будет проведен второй этап профилактической операции «Автобус». Данное мероприятие будет проводиться сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан. Целью операции является обеспечение безопасности дорожного движения при пассажирских перевозках, контроль за соблюдением водителями автобусов Правил дорожного движения и лицензионного соглашения. В рамках проводимых мероприятий сотрудники ГИБДД будут проверять у водителей пассажирских транспортных средств наличие лицензии, справки о медосмотре, разрешение на перевозку пассажиров, техническое состояние автомобиля и карту маршрута, прохождение предрейсового медицинского и технического осмотров, наличие необходимых отметок в путевых листах, также выявление транспортных средств, в конструкцию которых внесены несанкционированные изменения. Также сотрудникам ДПС даны соответствующие указания ужесточить контроль за соблюдением юридическими лицами и индивидуальными предпринимателями требований нормативных правовых актов, действующих в сфере обеспечения безопасности дорожного движения и антитеррористической безопасности.

**Р. МУХТАРОВ**
**Врио нач. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, ст. лейтенант полиции**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Центр обслуживания для регистрации граждан на Едином Портале Госуслуг с августа 2017 года работает в Центре занятости населения в МО «Унцукульский район».

Единый портал государственных и муниципальных услуг все большую популярность в России и Республики Дагестан в частности.

Каждый гражданин зарегистрировавшись на сайте gosuslugi.ru, и подтвердив свою учетную запись, может получить доступ ко всем самым популярным и востребованным услугам.

Открыт свой "Личный кабинет" на Портале могут граждане с 14 лет и старше. При этом необходимо иметь паспорт и СНИЛС. На приеме специалист поможет заполнить анкету и подтвердить личность обратившегося. Данная процедура занимает 5-10 минут. После такого приёма пользователю становятся доступными все госуслуги на Портале.

Уважаемые жители Унцукульского района, приходите регистрируйтесь на Портале Госуслуги в нашем Центре, мы поможем и предоставим вам дополнительную информацию!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 9. 22. 12 г. 15. 20
фактически -16. 50мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.